

Chè fanmi,

Nou kontan òganize yon seri aktivite vityèl sou admisyon nan lekòl segondè nan Vil Nouyòk. Tout fanmi Vil Nouyòk ki gen elèv 8yèm ane (ansanm ak fanmi elèv ki nan 9yèm ane pou premye fwa ki enterese) lib pou patisipe epi nou ankouraje yo fè sa. Tout sesyon yo ap fèt vityèl - donk ou ka patisipe nenpòt kote ou ye!

- Nan chak aktivite, nou pral pataje enfòmasyon fanmi yo ka jwenn itil lè y ap voye aplikasyon yo, tankou enfòmasyon konsènan lekòl segondè ki fè evalyasyon, ak jan pou kreye yon aplikasyon balanse, epi jan pou patisipe nan pwosesis odisyon an pou pwogram arts yo, ladan LaGuardia High School.
- Apre prezantasyon an, nou pral reponn kesyon yo te voye avan aktivite a.

Se sou menm bagay y ap pale nan chak aktivite yo, men **yo pral bay sèvis entèpretasyon diferan nan diferan aktivite**, konsa:

- **1ye mas**, 6pm pou 7pm | Sesyon an ap fèt an Anglè sèlman.
- **4 mas**, 1pm rive 2pm | Aktivite a ap fèt an angle. Ap gen entèpretasyon nan : Bangla, Koreyen, Oudou
- **7 janvyè 7**, 6pm rive 7pm | Aktivite a ap fèt an angle. Ap gen entèpretasyon nan: Arab, Fransè, Ris
- **8 mas**, 6pm rive 7pm | Aktivite a ap fèt an angle. Ap gen entèpretasyon nan: Chinwa (Mandaren), Kreyòl Ayisyen, Panyòl

Kòman pou patisipe:

- Chak sesyon ap fèt andirèk (live). Vin patisipe avèk nou sou Zoom nan lè sesyon an ap kòmanse lè w klike la a: bit.ly/2022HSEvents
- **REMAK ENPÒTAN:** Tcheke imèl ou oswa schools.nyc.gov/High de jou ouvrab avan aktivite a: Nou ap voye yon mesaj ki gen ladan menm **Lyen Zoom lan** ak **modpas** w ap bezwen pou patisipe a, ansanm avèk **nimewo telefòn pou rele pou entèpretasyon andirèk** nan lang yo bay yo.

Ou p ap ka patisipe, oswa ou ta renmen gen plis enfòmasyon?

- Ale sou schools.nyc.gov/High ak schools.nyc.gov/SHS. N ap afiche yon anrejistreman ki gen soutitraj (caption) sou sitwèb nou an de semèn apre premye aktivite a.

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv (Office of Student Enrollment, OSE)

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w ta renmen retire non w pou pa resevwa lòt mesaj sou admisyon nan lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).